КЕРЛАНАШ

# ГӀалгӀайчуьра шен деваша лелон тӀеман декъера веддера эскархо. Кхело набахтехь даккха пхи шо тоьхна цунна

Товбеца-бутт 30, 2026




Гайтаман сурт

Къилбан гонашкарчу тӀеман кхело листина эскархойн декъера шина шарахь эхашарахь ведда а Ӏийна, оцу тӀехула чохь даккха пхи шо хан тоьхначу контрактхочун Джамбеков Ӏелин латкъам. Джамбековс доьхура шена тоьхна хан йацйар а, иза а арахь йаккхийтар, хӀунда аьлча шен деваша а, бераш а лелош вара ша аьлла. Ишта цо гӀо деш хилла "СВО-н ветеранийн ассоциацина" а. Оьрсийчохь "СВО" олу Украинана дуьхьал болийначу тӀамах.

Кхелан сацама тӀехь йаздина ма-хиллара, Джамбековс Оьрсийчоьнан тӀеман министраллица контракт йина хиллера 2023-чу шеран мангал-баттахь. И бутт бовш иза тӀеман декъера дӀаваханера шен лаамехь, цкъа хьалха Башкортостане, цул тӀаьхьа шен хӀусамненаца а, берашца а ГӀалгӀайчу йухавеанера. Цигахь

контрактхочун деваша вара вехаш, цунна гIо оьшура. Оцу йукъанна Джамбековн ден таро йацара шен вешига хьажа, хIунда аьлча, иза Москвахь Iаш ву, шен хIусамнана а, бер а лелош. Деваша кхелхина 2025-чу шеран гIуран-бутт бовш, ткъа цул тIаьхьа шо даьлча, 2026-чу шеран гIуран-баттахь Джамбеков тIеман декъе йухавеанера.

Эскархочо чIагIдора, дина таIзар кIеда хила дезара, шена тIехIоьттинчу муьре хьаьжча, цунах къинхетам бар дийхира ишта "ветеранийн ассоциацино" а. Кхело тIе лецира церан бахьанаш, таIзар хийцаза дитина.

- Нальчикера гарнизонан тIеман кхело ГIебарта-Балкхаройчуьра вахархочунна Туровский Виталийна чохь даккха ворхI шо кхайкхийра кхозза тIеман декъера вадарна. Цхьа шо а, биъ бутт а йукъара баьлла цуьнан тIеман гIуллакх ца деш динчу контракте хьаьжча. Иза лецира бевза-безачара цунна мотт тоьхначул тIаьхьа.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю